

CARE CONNECTION

ETE 2022

BATI LAVI AN SANTE

Se pa ti anvè nou anvè
konn sa w panse!

Twous tè COVID-19 a domisil

Èske mwen ta dwe bay pitit
mwen tete oswa bibwon?

Fason pou simonte strès la

Jwèt ete pou timoun
yo — jwe ak chif yo

Prepare pou sezon siklòn 2022 a

Jwenn rekonpans atravè
pwogram konpòtman ki
bon pou sante w

Twa konsèy pou
evite al lopital

Konnen ki kote ou ka ale
pou resevwa swen medikal

Lis tout sa ki nesesè pou
vaksin timoun yo

Sèvis telemedsin MDLIVE®

Telechaje aplikasyon mobil nou
an san sa pa koute w anyen*




AmeriHealth Caritas
Florida

Se pa ti anvi nou anvi konn sa w panse!

AmeriHealth Caritas Florida envite w vin fè pati komite konsèy pou manm yo. Nou vle konnen sa w panse de plan sante nou an. Nou pral pataje yon seri enfòmasyon sante ki enpòtan avè w. W ap menm jwenn yon kado si w vin jwenn nou!

Kiyès: Manm AmeriHealth Caritas Florida yo, ki gen 18 lane oswa plis.

Ki sa: Komite konsèy pou manm yo reyini pou fè manm yo konnen ki resous itil yo ka itilize. Epitou, nou mande w opinyon w sou eksperyans ou.

Ki lè: Reyinyon yo òganize omwen yon fwa chak ane e yo dire inèdtan.

Ki kote: Reyinyon yo fèt sou Entènèt, pa mwayen Zoom. Manm yo ka asiste sou telefòn yo, òdinatè yo oswa tablèt yo.

Poukisa: Se yon chans pou fè tout moun konnen sa w panse. Nou bay eksperyans ou ak opinyon w anpil valè!

Ki jan: Si w ta renmen patisipe, tanpri rele nou! Kontakte ekip sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**.

Twous tè COVID-19 a domisil

Èske ou gen sentòm ki tankou rim oswa grip? Ou pa konnen si se COVID-19 ou genyen? Ou gendwa kalifye pou yon twous tè COVID-19 a domisil san sa pa koute w anyen.

AmeriHealth Caritas Florida peye pou jiska kat twous tè COVID-19 a domisil ki kalifye (inite endividyèl) chak mwa pou chak manm. Twous plan an peye pou yo vini nan yon bwat ki gen youn oswa de tè ki pou fèt a domisil. Administrasyon Pwodui Alimantè ak Medikaman Etazini an sipoze apwouve tè yo.

Pou jwenn yon twous tè a domisil san sa pa koute w anyen, pale sou sa ak pwofesyonèl sante prensipal ou (PCP) oswa ak famasyen w. Mande l ekri yon preskripsyon pou yon twous tè COVID-19 a domisil. Al nan famasi a ak preskripsyon w ak kat idantifikasyon w antanke manm AmeriHealth Caritas Florida nan men w.

Ou gen kesyon? Ban nou yon koutfil! Kontakte ekip sèvis pou manm AmeriHealth Caritas Florida yo nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**.



Nimewo telefòn ki enpòtan

Ou ka rele pou jwenn sèvis sa yo 24/7/365.

Ekip sèvis pou manm yo:

1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)

Liy enfimyè ki disponib 24 sou 24, 7 sou 7:

1-855-398-5615

Sèvis transpò:

1-855-371-3968

Sèvis famasi pou manm yo:

1-855-371-3963

Sèvis sante konpòtmantal pou manm yo:

1-855-371-3967



Èske mwen ta dwe bay pitit mwen tete oswa bibwon?

Ki avantaj bay pitit mwen tete genyen?

Bay timoun tete gen anpil avantaj.
Pa egzanp:¹

- Bay tete ka bon pou sante manman an ak tibebe a.
- Bay tete pèmèt tibebe w jwenn bon kantite vitamin ak mineral li bezwen pou l an sante.
- Lèt tete a ka pwoteje tibebe w kont kèk kalite pwoblèm sante.
- Lèt tete a pi fasil pou dijere pase lèt nan bwat.
- Lèt tete a ka fè w depanse mwens kòb pou achte manje pou tibebe w.

Pou konbyen tan mwen sipoze bay pitit mwen tete?

American Academy of Pediatrics la rekòmande pou bay tibebe yo lèt tete pou sis premye mwa yo. Apre sa, tibebe w ka kontinye nan lèt tete pou omwen yon ane pandan li kòmanse manje manje mou ki tou kraze.¹

Sous:

1. "Frequently Asked Questions (FAQs)," Centers for Disease Control and Prevention, <https://www.cdc.gov/breastfeeding/faq>.

Èske se tout fi ki ta dwe bay tete?

Anpil fi chwazi bay tete pou rezon sante. Sepandan, gen kèk fi ki pa ta dwe bay pitit yo tete. Pito bay pitit ou lèt nan bwat olye ou ba li tete si w:¹

- Pozitif pou VIH
- Genyen tibèkilòz aktif
- Konn pran dwòg ki pa legal
- Pran sèten medikaman oswa resevwa tretman pou kansè

Mande doktè w si li apwopriye pou w bay pitit ou tete.

Ki jan pou m jwenn plis enfòmasyon?

Ou gen kesyon sou bay tete oswa sou gwosès ou? Depatman Bright Start® nou an ka ede w. Rele nan **1-855-371-8076 (TTY 711)**, lendi pou vandredi, 8 è nan maten pou 5 è nan aprèmidi nan lè ET.

Fason pou simonte strès la

Rezilyans. Nou tout ta renmen gen kapasite pou n refè rapid apre yon peryòd difisil. Nou ta menm renmen rive pi byen jere pwoblèm nou yo pandan n ap travèse yo. Rezilyans se kapasite pou n fè fas ak difikilte nou rankontre yo. Li pèmèt nou adapte nou epi kontinye viv lavi nou byen. Li ka ede nou vin gen plis matirite tou.¹

Lavi a gen anpil goumen, tankou nan fanmi ak nan relasyon nou ak lòt moun, nan domèn sante ak nan domèn ekonomik. Sepandan, nou pa oblije pase tout lavi nou nan goumen sèlman. Toujou genyen kèk pati nan lavi nou ki pou nou sèlman, kèk pati nou ka deside kenbe oswa chanje. Se pa annik difikilte nou rankontre yo ki defini sa nou ye.

Nou ka vin gen plis rezilyans lè nou konprann sa. Lè nou gen plis rezilyans, nou rive fè fas ak sitiyasyon ki difisil yo, nou vin gen plis matirite epi nou vin pi djanm.¹

Jere chanjman an

Men kat konsèy ki ka ede w travèse peryòd difisil yo ak kè poze:¹

- Chwazi mantalite w. Sa ou panse gen efè sou sa ou santi. Yon bagay ou ka chwazi, yon bagay ou ka chanje tou, se fason ou konsidere sitiyasyon w. Sonje lòt difikilte ou te simonte nan tan lontan. Sonje sa ou te aprann. Pa bliye sitiyasyon w jodi a gendwa pa menm ak sitiyasyon w demen. Mete sou sa, pwoblèm ou genyen yo jodi a ka mennen nan bonjan rezilta apre kèk tan.
- Pase tan ak lòt moun. Pase tan ak moun ka ede w wè monn nan e sa ka fè w sonje ou pa poukont ou. Pase tan ak moun ou fè konfyans, moun ki montre yo enterese nan ou, menm si se ti jès sèlman yo fè pou ou. Epitou, ou ka chèche yon gwoup ki enterese nan menm aktivite avè w nan zòn ou ye a. Gen moun ki aktif nan gwoup legliz oswa nan gwoup militan, e sa fè yo gen plis espwa. Evite izole tèt ou.
- Chèche sa k ap fè w santi w byen. Strès ka afekte ni emosyon w ni kò w. Yon bagay ki ka ede w se manje manje ki bon pou sante w, bwè ase dlo, fè egzèsis epi dòmi. Gen yon seri pratik espirityèl, tankou lapriyè ak meditasyon, ki ede kèk moun santi yo refè. Si w kapab, eseye rezève yon ti tan chak jou pou devlope rekonesans ou. Rekonesans ka ede w konsantre lespri w sou sa ki pozitif nan lavi w.
- Chèche sa k ap bay lavi w yon sans. Lè nou santi lavi nou gen yon sans, sa ka ede nou rete an sante. Reflechi sou sa ki motive w nan lavi a, e sa ap ede w aji yon fason ki pozitif ni pou tèt ou ni pou lòt moun. Gen moun ki fè travay volontè pou kèk gwoup lokal oswa pou moun ki nan bezwen. Gen lòt ki pase tan ap travay sou Entènèt pou koz ki gen enpòtans pou yo. Menm yon ti efò ou fè pou amelyore bagay yo ka ede w wè sa ki bon lakay ou e sa ka ede wè sa ou genyen pou ofri lòt moun.

Jwenn èd lè ou bezwen sa

Mande èd pa vle di ou echwe. Se ka yon lòt mwayen pou devlope rezilyans.¹

Pran randevou ak pwofesyonèl sante prensipal ou (PCP) pou pale avè l sou sa k ap trakase w. Epitou, ou ka rele yon liy asistans, tankou Liy Asistans Nasyonal Administrasyon pou Abi Sibstans ak Sante Mantal, nan **1-800-662-HELP (4357)**. Sèvis sa a gratis e li konfidansyèl. Ou ka rele nenpòt lè: 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Genyen yon seri espesyalis ki ka ba w enfòmasyon sou sante mantal e ki ka refere w pou yon tretman.

Epitou, lè ou santi w sou strès, pran swen tèt ou. Lè ou bon zanmi ak tèt ou, ou konnen w ap aji yon fason k ap bon pou ou.

Sous:

1. "Building Your Resilience," American Psychological Association, <https://www.apa.org/topics/resilience/building-your-resilience>.



Jwèt ete pou timoun yo — jwe ak chif yo

Èske w ap chèche yon jwèt pou timoun yo ki pa p koute w anpil kòb pou sezon sa a? Nou gen yon lide.

Itilize lis ki anba a chak lè pitit ou yo ap chèche yon aktivite pou yo fè. Annik mande yo di w yon chif ant 1 ak 10. Apre sa, gade ki jwèt ki mache ak chif sa a nan lis ki anba a:

1. Al fè yon chasotrezò.
2. Sèvi ak pouding pou pentire ak dwèt yo.
3. Fè yon aktivite atizana.
4. Fè plizyè avyon papye epi fè yon konkou pou wè sa ki vole pi lwen an.
5. Jwe avèk yon woulawoup.
6. Ekri yon istwa oswa yon ti komik ansanm.
7. Jwe marèl.
8. Dekore yon bwat kote w ap sere devwa w ak liv ou yo.
9. Kreye yon kat lakay ou oswa yon kat katye w, oswa yon kat pou yon kote ou poko janm vizite.
10. Kòmanse li yon nouvo istwa epi kanpe anvan ou rive nan fen an. Chèche devine fason istwa a pral fini.



Ou bezwen transpò? Gen sèvis transpò ki disponib.

AmeriHealth Caritas Florida ka ede w ale nan randevou w kay doktè. Pou jwenn yon transpò, rele ekip sèvis transpò AmeriHealth Caritas Florida a. Rele nou nan nimewo gratis **1-855-371-3968**.

Si w bezwen yon èd espesyal, tankou yon chèz woulant, oubyen si w ta renmen pou moun ki pran swen w lan akonpaye w nan randevou a, fè nou konn sa. Nou ka pran dispozisyon pou ba w sèvis ou bezwen an.

Yon chofè pral chèche w nan yon espas inèdtan anvan lè randevou a. Li pral remèt ou yon kat ak nimewo telefòn li. Lè randevou a fini, se menm chofè a ki pral chèche w sou inèdtan apre lè ou rele l la.

Pwofesyonèl sante w ka òganize transpò w tou. Èske ou gen kesyon oswa kèk bagay ki trakase w konsènan transpò w?

Rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**.

Prepare pou sezon siklòn 2022 a

Sezon siklòn nan kòmanse 1^{ve} jen rive 30 novanm

Viv an Florid gen anpil avantaj. Veye pou prepare pou sezon siklòn 2022 a ki kòmanse 1^{ve} jen. Sou FloridaDisaster.org, Divizyon Jesyon Ijans yo ankouraje rezidan Florid yo pou yo prepare sa yo bezwen pou omwen sèt jou. Sa gen ladan l manje, dlo, medikaman ak pil. Gade lis verifikasyon pou twous ijans ki sou sit sa a pou ede w prepare.

Epitou, w ap jwenn yon gid ki fasil pou ou e pou fanmi w sou sit la. Fè bagay sa yo:

1. Kòmanse planifye sa ou pral fè pou si ta gen yon siklòn avèk fanmi w. Ou ka prepare ansanm ak lòt moun ki rete ansanm avè w ak zanmi w yo tou. Pale avèk yo sou bagay sa yo:
 - a. Fason nou pral jwenn alèt ijans yo.
 - b. Fason nou youn pral kominike ak lòt.
 - c. Itinerè nou pral suiv nan ka evakyasyon.
 - d. Ki koteabri yo ye ak fason ou pral rive nanabri sa yo.
2. Reflechi sou bezwen w yo. Èske ou menm oswa fanmi w gen medikaman, ekipman medikal, ti bèt ki nan kay la? Èske nou gen bezwen espesyal pou pran swen timoun yo oswa lòt bezwen? Prepare yon lis ki gen moun ou ka kontakte pou mande èd si w ta bezwen sa nan zòn ou ye a.
3. Itilize yon zouti planifikasyon pou siklòn. Sere plan w yon kote l ap ka rete an sekirite.
4. Fè egzèsis pou aplike plan w lan ak fanmi w.

Ale sou sit FloridaDisaster.org ki pou Divizyon Jesyon Ijans yo pou mete ajou alèt ou yo, pou planifye evakyasyon w oswa pou jwenn yonabri.

Sous:

“Get a Family Plan,” FloridaDisaster.org Division of Emergency Management, <https://www.floridadisaster.org/family-plan>.

Jwenn rekonpans atravè pwogram konpòtman ki bon pou sante w

Nou bay objektif ou yo nan domèn sante anpil enpòtans. Nou vle ede w atenn yo. Pwogram konpòtman ki bon pou lasante AmeriHealth Caritas Florida yo ka ede w amelyore sante w toutpandan w ap jwenn rekonpans pou sa. Pou chak pwogram konpòtman ki bon pou lasante ou fini, w ap resevwa yon kat kado pa lapòs.

Pwogram konpòtman ki bon pou lasante AmeriHealth Caritas Florida yo se:*

- Sèvis prevansyon oswa sèvis anbilatwa pou adilt
- Suivi sante konpòtmantal
- Pwogram matènite
- Pwogram pòs-patòm
- Vizit woutin kay doktè pou timoun ak adolesan
- Tès depistaj pou kansè tete
- Tès depistaj pou kansè sèvikal
- Tès pou moun ki gen dyabèt
- Egzamen je pou moun ki gen dyabèt
- Tès depistaj pou plon
- Pwogram retablisman anba abi alkòl ak lòt sibstans
- Pwogram pou sispann fimen
- Pwogram pou pèdi pwa

Èske ou ta renmen jwenn plis enfòmasyon? Rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**. Epitou, ou ka ale sou sit nou an nan adrès **www.amerhealthcaritasfl.com**.

*Ou ka enskri nan plizyè pwogram konpòtman ki bon pou lasante (depi ou kalifye). Ou ka resevwa jiska \$50 kòm rekonpans pa ane pou chak pwogram. Ou ka enskri nan chak pwogram konpòtman ki bon pou lasante yon sèl fwa chak ane. Ou pa kapab sèvi ak rekonpans yo pou achte alkòl, tabak, biyè bòlèt, medikaman (sòf si se medikaman ki san preskripsyon), zam afe, oswa minisyon. N ap voye rekonpans yo apre nou verifye si w te fini pwogram ki fè w kalifye yo nètale.

Twa konsèy pou evite al lopital

Pèsonn pa renmen al lopital san l pa t planifye sa. Erezman, gen yon seri abitid ki bon pou sante w ki ka ede w rete anfòm e k ap fè w gen mwens chans pou ale lopital.

1. Pran medikaman w yo selon enstriksyon yo te ba w yo.

Pran bon dòz chak medikaman nan lè ou sipoze pran l lan. Si w pran medikaman w yo kòm sadwa, sa ap ede w kontwòle nenpòt pwoblèm sante kwonik ou genyen. Kèk nan pwoblèm sante sa yo se opresyon, dyabèt ak ipètansyon. Medikaman yo ka soulaje sentòm yo, yo ka evite lòt pwoblèm parèt e, nan kèk ka, yo gendwa ralanti maladi w la. Men kèk konsèy ki ka itil ou:

- Èske ou gen kesyon sou medikaman w yo? Poze pwofesyonèl sante prensipal ou (PCP) oswa famasyen w kesyon w yo.
- Sèvi ak yon boutèy pou mete konprime w yo pou konnen konbyen medikaman ou pran. Veye pou al chèche medikaman w yo nan menm jou ak menm lè chak semèn.
- Sèvi ak yon mont pou sonje lè pou pran e pou al achte medikaman w yo.

2. Pale ak pwofesyonèl sante w la.

PCP w se patnè w nan domèn lasante. Asire w ou mete l okouran tout pwoblèm sante w yo. Mansyone nenpòt nouvo sentòm oswa nenpòt sentòm ki pa nòmal ki gendwa parèt, epi poze l kesyon si w pa konprann plan tretman w lan.

3. Pa bliye swen prevansyon.

Swen prevansyon woutin yo la pou detekte pwoblèm yo bonè, lè li pi fasil pou trete yo. Sa gen ladan l tès tankou mamografi ak tès depistaj pou kansè kolon. Mande PCP w ki swen prevansyon ou bezwen. Mete sou sa, ou ta dwe pran tout vaksen ou sipoze pran yo. Pran yon piki kont grip la chak ane.

Konnen ki kote ou ka ale pou resevwa swen medikal

Si w malad oswa si w blese, lèfini ou bezwen swen medikal, èske w konnen ki kote pou w ale? Si w chwazi bon kote a, w ap resevwa tès ak swen ou bezwen yo nan moman ou bezwen yo. Nan kèk ka, sa ka menm sove lavi w. Men ki jan w ap fè konnen ki kote ou sipoze ale.

Sal dijans

Ou gen yon pwoblèm medikal ki grav oswa ki ka menase lavi w, tankou:¹

- Senyen san rete
- Zo kase
- Doulè oswa presyon nan pwatrin
- Toufe
- Ovèdòz
- Blesi nan tèt ak endispozisyon oswa twoublay
- Pa ka pale
- Blesi nan jou oswa nan kolòn vètebral
- Anpwazònman
- Kriz maladi ki dire twa a senk minit

- Gwo boule
- Gwou toudisman
- Souf kout oswa pa kapab respire
- Stwok

Rele 911 pou yon ijans medikal. Pa eseye kondui yon machin.

Swen rapid

Ou gen yon pwoblèm medikal ki pa ijan ou te ka trete nan biwo PCP w la, men biwo l la fèmen. Men kèk pwoblèm ou ka trete nan yon sant swen rapid:¹

- Alèji oswa pwoblèm sinis
- Rim oswa grip
- Dyare

- Doulè nan zòrèy
- Lafyèv
- Ti koupe
- Maloje
- Iritasyon sou po a
- Malgòj
- Vant fè mal
- Enfeksyon vwa respiratwa siperyè
- Enfeksyon kanal pipi
- Vomisman

Pwofesyonèl sante prensipal

- Ou bezwen swen medikal woutin oubyen ou gen yon ti maladi oswa yon ti blese ki pa ijan.

Sous:

1. "When to Use the Emergency Room — Adult," MedlinePlus, <https://medlineplus.gov/ency/patientinstructions/000593.htm>.

Lis tout sa ki nesesè pou vaksinen timoun yo

Li enpòtan pou rete ajou ak vizit woutin pitit ou kay doktè. Ou ka ede pitit ou rete an sante. Veye pou pitit ou wè pwofesyonèl sante prensipal li (PCP) pou vizit woutin li yo ak vaksen li yo. Gade lis ki anba a pou konnen ki vaksen Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo rekòmande yo.

Mande PCP pitit ou pwogram vaksinasyon I lan.

<input type="checkbox"/>	Difteri, tetanòs ak koklich (DTaP) Senk dòz, avèk yon dòz nan 2 mwa, 4 mwa, 6 mwa, 15 – 18 mwa, ak 4 – 6 mwa
<input type="checkbox"/>	Haemophilus influenzae tip B Kat dòz, avèk yon dòz nan 2 mwa, 4 mwa, 6 mwa (selon mak vaksen an), ak 12 – 15 mwa
<input type="checkbox"/>	Epatit A De dòz, avèk yon dòz nan 12 – 23 mwa, ak dezyèm dòz la sis mwa pi ta
<input type="checkbox"/>	Epatit B Twa dòz, avèk yon dòz nan nesans, 1 – 2 mwa, ak 6 – 18 mwa
<input type="checkbox"/>	Viris papipyòm imen Si timoun nan gen 9 – 14 lane lè li pran premye vaksen an: De dòz nan yon lespas 6 a 12 mwa Si timoun nan gen 15 lane oswa plis lè li pran premye vaksen an: Twa dòz, avèk dezyèm dòz la youn a de mwa apre premye a, ak twazyèm dòz la sis mwa apre dezyèm dòz la
<input type="checkbox"/>	Polyoviris dezaktive Kat dòz, avèk yon dòz nan 2 mwa, 4 mwa, 6 – 18 mwa, ak 4 – 6 lane
<input type="checkbox"/>	Enfliyenza Yon dòz chak ane pou pi tan nan fen mwa oktòb, apati laj 6 mwa
<input type="checkbox"/>	Lawoujòl, mal mouton ak ribeyòl De dòz, avèk yon dòz nan 12 – 15 mwa ak 4 – 6 lane (tibebe ki gen ant 6 – 11 mwa yo ta dwe pran yon dòz anvan yo vwayaje nan yon lòt peyi)
<input type="checkbox"/>	Sewogwoup menengokoksik A, C, W, Y De dòz, avèk yon dòz nan 11 – 12 mwa, ak 16 lane
<input type="checkbox"/>	Sewogwoup menengokoksik B De dòz nan 16 – 18 lane
<input type="checkbox"/>	Nemoni Kat dòz, avèk yon dòz nan 2 mwa, 4 mwa, 6 mwa, ak 12 – 15 mwa
<input type="checkbox"/>	Wotaviris De dòz, avèk yon dòz nan 2 mwa ak 4 mwa (Rotarix®), oswa twa dòz, avèk yon dòz nan 2 mwa, 4 mwa ak 6 mwa (RotaTeq®)
<input type="checkbox"/>	Tetanòs, difteri ak koklich (Tdap) Yon dòz nan 11 – 12 lane
<input type="checkbox"/>	Varisèl De dòz, avèk yon dòz nan 12 – 15 mwa, ak 4– 6 lane



Sous: “Recommended Child and Adolescent Immunization Schedule for 18 Years or Younger,” Centers for Disease Control and Prevention, <https://www.cdc.gov/vaccines/schedules/hcp/imz/child-adolescent.html>.

Sèvis telemedsin MDLIVE®

Apati 1^{re} jen 2022, manm yo ka wenn randevou telemedsin ak MDLIVE san sa pa koute yo anyen. Sèvis telemedsin MDLIVE yo se sèvis ki anplis sèvis telemedsin doktè prensipal ou gendwa pwopoze. Doktè MDLIVE yo fòme pou vizit vityèl yo. Yo ka ede w 24/7/365 pou plis pase 80 pwoblèm sante woutin, tankou:

- Sentòm rim
- Difikilte pou respire
- Malgòj
- Ak plis bagay toujou

Genyen anpil fason ou ka enskri pou MDLIVE oswa kominike ak yon pwofesyonèl sante MDLIVE:

- Telechaje aplikasyon MDLIVE nan boutik Google Play™ oswa nan Apple App Store®.
- Ale sou www.mdlive.com/acfl.
- Rele nan **1-877-601-0641**.
- Voye tèks ACFL nan nimewo 635483.*

MDLIVE se yon sèvis ki la pou swen medikal woutin sèlman. Si w gen yon ijans, rele 911.

*Ou ka gen pou peye sa operatè telefòn mobil ou mande pou voye mesaj oswa pou itilize done sou Entènèt.



Telechaje aplikasyon mobil nou an san sa pa koute w anyen*

Aplikasyon mobil AmeriHealth Caritas Florida a disponib sou smatfòn iPhone® ak Android™ sou non AHC Mobile. Pou jwenn aplikasyon mobil la, ale nan Google Play™ Store oswa nan Apple App Store®.

*Ou ka gen pou peye sa operatè telefòn mobil ou mande pou voye mesaj oswa pou itilize done sou Entènèt.



Apple



Android

Eskane kòd pou Apple® oswa Android™ pou telechaje aplikasyon an.

Pou jwenn dènye enfòmasyon ki disponib yo sou kowonaviris la (COVID-19), tanpri ale sou sitwèb nou an nan adrès www.amerihealthcaritasfl.com.

Zak diskriminasyon pa ann amoni ak lalwa

AmeriHealth Caritas Florida dakò ak lwa federal sou dwa sivil yo epi li pa fè diskriminasyon, li pa mete moun sou kote ni li pa trete moun yon fason ki diferan akoz ras, koulè, peyi kote w soti, laj, andikap, kwayans, relijyon, zansèt, sèks, idantite oswa ekspresyon seksyèl, oubyen oryantasyon seksyèl.

AmeriHealth Caritas Florida:

- Bay moun ki gen andikap asistans ak sèvis gratis (san yo pa peye pou sa) pou kominike fasilman ak nou, tankou:
 - Entèprèt konpetan nan lang siy.
 - Enfòmasyon sou lòt fòm (gwo karaktè, odyo, fòm elektwonik aksesib, lòt fòm ankò).
- Bay moun ki pa fò nan anglè sèvis lang gratis (san yo pa peye pou sa), tankou:
 - Entèprèt konpetan.
 - Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang.

Si w ta bezwen youn nan asistans sa yo, kontakte AmeriHealth Caritas Florida nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**. Nou disponib 7 jou sou 7 epi 24 sou 24.

Si w ta konstate AmeriHealth Caritas Florida neglije bay sèvis sa yo oswa te fè diskriminasyon kont ou yon lòt fason, ou menm oswa reprezantan otorize w (depi nou gen otorizasyon w alekri nan dosye nou yo) kapab depoze yon doleyans bay:

- Grievance and Appeals, P.O. Box 7368, London, KY 40742. Telefòn: **1-855-371-8078 (TTY 1-855-371-8079)**, oswa Fax: **1-855-358-5847**.
- Ou ka depoze yon doleyans pa mwayen imèl, faks, oswa telefòn. Si w gen difikilte pou w depoze yon doleyans, ekip sèvis pou manm AmeriHealth Caritas Florida yo ap kontan ede w.

Ou ka pote yon plent sou dwa sivil bay Depatman Sante ak Sèvis Dwa Moun Etazini an ak Biwo Dwa Sivil la pa mwayen elektwonik, ou ka fè sa sou Paj pou Plent Biwo pou Dwa Sivil la nan <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>, oswa pa mwayen kourye oswa telefòn nan:

U.S. Department of Health and Human Services
200 Independence Avenue, SW
Room 509F, HHH Building
Washington, D.C. 20201
1-800-368-1019 (TTY 1-800-537-7697)

Fòmilè pou plent yo disponib nan:
<http://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html>.

English: This information is available for free in other languages. Please contact our customer service number at **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**, 24 hours a day, seven days a week. If your primary language is not English, or to request auxiliary aids, assistance services are available to you, free of charge.

Spanish: Esta información está disponible en otros idiomas de forma gratuita. Póngase en contacto con nuestro número de servicios al cliente al **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**, las 24 horas del día, los siete días de la semana. Si su idioma principal no es el inglés, o necesita solicitar ayudas auxiliares, hay servicios de asistencia a su disposición de forma gratuita.

Haitian Creole: Enfòmasyon sa yo disponib gratis nan lòt lang. Tanpri kontakte ekip sèvis kliyan nou an nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**, 24 è sou 24, sèt jou sou sèt. Si anglè pa lang manman w oswa si w ta renmen mande yon èd konplemantè, ou ka resevwa sèvis ki gratis pou ede w.

Vietnamese: Thông tin này có sẵn miễn phí ở các ngôn ngữ khác. Vui lòng liên lạc bộ phận dịch vụ khách hàng của chúng tôi theo số **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**, 24 giờ một ngày, bảy ngày trong tuần. Nếu ngôn ngữ chính của quý vị không phải là tiếng Anh, hoặc để yêu cầu các thiết bị trợ giúp bổ sung, thì quý vị có thể sử dụng miễn phí các dịch vụ hỗ trợ.

Enfòmasyon sou sante ak byennèt oswa enfòmasyon sou prevansyon
Información de la salud y el bienestar o preventiva
Enfòmasyon prevansyon oswa enfòmasyon konsènan sante ak byennèt

ACFL_221992203-1

M1413_2103

All images are used under license for illustrative purposes only. Any individual depicted is a model.

CARE CONNECTION

ETE 2022

BATI LAVI AN SANTE

Se pa ti anvi nou anvi konn sa w panse!

Fason pou simonte strès la

**Jwenn rekonpans atravè pwogram
konpòtman ki bon pou sante w**

**Konnen ki kote ou ka ale pou
resevwa swen medikal.**

**Lis tout sa ki nesèsè pou
vaksinen timoun yo.**

